

13 out 2021

Chè Fanmi Lekòl Piblik Boston yo:

Nou kontan lanse nouvo ane skolè a epi nou konte sou wè elèv ou yo pandan yo tounen lekòl la apre kèk semèn la. Ekip la t ap travay di pou prepare pou otòn nan epi asire elèv ou yo santi nou byen resevwa yo pandan yo tounen nan bilding lekòl nou yo kit yo te aprann an pèsòn, nan yon modèl ibrid, oswa konplètman a distans ane pase. Kominote nou konsantre sou fè si tout elèv ak pèsònèl yo pare pou yon trè bon ane skolè.

M ap ekri nou pou mwen bay kèk mizajou pandan nou kontinye planifikasyon nou an. Kòm rapèl, premye jou lekòl pou elèv nan **ane 1 a 12 se jedi 9 septanm**. Premye jou lekòl pou elèv ki nan **pre-K ak Kindergarten se lendi 13 septanm**. Kalandriye konplè a pou ane skolè 2021-22 an disponib sou [bostonpublicschools.org/calendar](https://www.bostonpublicschools.org/calendar).

Sante ak Sekirite

Tout elèv ak pèsònèl BPS, kèlkeswa estati vaksinasyon yo an, pral oblije mete mas pandan yo andedan bilding lekòl ak pandan yo sou bis jòn yo lè yo tounen lekòl an septanm. BPS p ap planifye pou mandate distansasyon fizik lè nou tounen lekòl an otòn, men nou pral ankouraje 3 pye distansasyon fizik depi sa posib.

BPS pral kontinye ap siveye sentòm COVID-19 epi nou ankouraje tout pèsònèl ak elèv yo rete lakay depi yo pa santi yo byen. N ap mande elèv yo ak pèsònèl yo fè [lis kontwòl sante lakay](#) chak jou avan yo kite lakay yo. Rechèch kontak pral kontinye an kolaborasyon avèk kolèg nou yo nan Boston Public Health Commission (BPHC). Epi tou n ap travay ansanm avèk BPHC a pou nou revize oryantasyon sou sante piblik epi adapte pratik ak pwosedi nou yo pou gwoup elèv yo ak syèj ki asiye, zòn atant medikal, ak tès COVID-19 gratis pou elèv ak pèsònèl nou yo.

Epi tou pèsònèl BPS yo pral konfòme ak politik verifikasyon vaksen oswa res regilyèman pou anplwaye Vil Boston yo, yon etap kritik pou asire sante ak sekirite kominote skolè nou yo. Centers for Disease Control and Prevention (CDC) rekòmande tout moun ki laj 12 zan ak pi gran pran vaksen kont COVID-19. Vaksen yo se youn nan zouti pi enpòtan nou genyen pou nou pwoteje tèt nou ak nou youn a lòt kont COVID-19, sepandan to vaksinasyon nan sèten katye nan vil la ak pami jenès laj 12 a 15 zan toujou rete pi ba pase mwayen an pou Vil Boston an. BPS ap travay ansanm avèk BPHC pou òganize Klinik Vaksen kont COVID-19 pou Rantre Skolè a nan lokal atravè vil la, sa enkli plizyè lekòl BPS. Randevou pa nesèsè, n ap resevwa moun ki vini san randevou, epi fonksyon yo pral genyen manje, raf, ak lòt prim. Pou plis enfòmasyon, ale sou boston.gov/covid19-vaccine.

Vizyon Akademik: Yon Plan pou Rekipere ak Re-imagjine Aprantisaj

Gouvènman federal ak eta a, ansanm ak ofisye minisipal ki enkli Majistra ak Konseye Minisipal aktyèl ak pase nou yo, te fè gwo investisman nan BPS. We plan to use these resources to invest in our students and schools. Lè yo tounen lekòl la, elèv ak fanmi yo kapab atann:

- Aksè ògmante a travayè sosyal ak lyezon famiyal

- Sèvis konpansatwa de bon kalite pou elèv ki gen andikap
- Aksè ògmante a sèvis tradiksyon ak bibliyotèk nimewik multileng
- Plis aksè a liv, materyèl ak resous
- Syèj Pre-K elaji nan tout vil la
- Opòtinite pou angaje ak platfòm alfabetizasyon nimewik pou sipòte ak amelyore alfabetizasyon ak ansèyman lengwistik
- Tan pwolonje pou aprantisaj nan anpil lekòl

An plis de sa, nou te aloke fon pou lekòl yo pou soutyen akademik, sosyal-emosyonèl, ak operasyonèl ki pèsonalize pou bezwen inik nan kominote yo. Direktè yo pral kolabore avèk kominote lekòl pa yo pou detèmine kijan pou nou pi byen envesti fon sa yo jouk 1e oktòb 2021.

Nou pral konsantre sou alfabetizasyon ekritab nan tout sistèm Pre-K a 12 la. Inisyativ multi-lane sa a pral touche chak edikatè, kèlkeswa kontni, lekòl ak dirijan biwo santral. Fòk nou konble pwomès nou pou rezilta nan alfabetizasyon ak opòtinite pou elèv nou yo ki amelyore anpil epi asire chak elèv devni yon lektè ak ekriven ki fò ak metrize. Nou pral konsantre tan ak atansyon nou sou asire aksè elèv nan tèks ki konplèks epi ki angaje, an patikilye asire nou konsantre sou ekriven BIPOC. An plis de sa, fòk nou bay elèv nou yo opòtinite ak enstriksyon sou kijan pou yo diskite ak ekri nan tèks ki konplèks. Elèv BPS yo briyan. Nou pral bay elèv nou yo opòtinite yo pou yo libere briyans yo nan bay yo eksperyans alfabetizasyon ki angaje, ki rijid epi ki rich nan tout sistèm Pre-K a 12 nou an. Pou sipòte konsantrasyon sa a, nou pral ògmante aksè nan Bibliyotèk Nimewik Multileng, bibliyotèk lekòl osi byen ke kat bibliyotèk nimewik pou Bibliyotèk Piblik Boston an.

Fasilite ak Kalite Lè

An plis de reparasyon an ane pase de plis pase 12,000 fenèt pou sipòte sikilasyon lè epi ògmante vantilasyon, BPS nan pwosesis enstale detektè kalite lè andedan nan tout bilding lekòl yo, kòmanse ak sal klas yo ak espas aprantisaj yo. Epi tou n ap travay pou nou ranplase filt yo nan tout 5,000 pirifikatè lè yo ki te deplwaye nan lekòl yo ane pase. Nou pral ranplase filt pirifikatè lè yo chak si mwa. Pou lekòl nou yo ki genyen sistèm HVAC, n ap ranplase filt MERV-13 yo konfòme ak antretyen sistèm bilding regilye. Gadyen BPS yo ap travay di tou pou yo netwaye fasilite nou yo epi prepare bilding lekòl nou yo pou elèv yo ak pèsònèl yo tounen mwa pwochen. Stasyon sanitasyon yo pral rete nan koulwa yo ak sal klas yo, epi lekòl yo pral byen estoke ak ekipman pwoteksyon pèsònèl ak twa mwa founiti materyèl netwayaj.

Transpò

BPS nan pwosesis planifye wout pou elèv ki elijib pou yo pran bis yo epi nou pral voye plasman nan bis jòn yo bay elèv ak fanmi yo pa lapòs ak imèl avan 27 out. Nou pral dezenfekte bis jòn yo chak jou epi elèv yo ak pèsònèl yo pral oblije mete mas pandan yo sou bis yo. An plis de sa, yo pral voye pas M7 MBTA yo bay lekòl yo pita nan mwa sa a epi nou pral distribye yo bay elèv nan ane 7 a 12 ki elijib yo nan premye jou lekòl la.

Fanmi yo kapab itilize [Pòtay Sipò](#) nou an pou mande kèlkeswa chanjman nan plasman transpò elèv pa yo a. Reprèzantan sèvis kliyantèl nou yo disponib tou pou yo ede fanmi yo epi repòn tout kesyon sou Liy Asistans Transpò nou nan 617-635-9520 oswa pa imèl bay schoolbus@bostonpublicschools.org.

Aksè nan Bilding yo ak Pwogram Apre Lekòl yo

Aksè nan bilding yo pral toujou limite pandan nou antre nan ane skolè a pandan nou kontinye ap siveye anviwònman sante piblik la. BPS pral pèmèt kèk patnè k ap travay dirèkteman ak elèv yo aksede bilding lekòl yo pou pwogram avan ak apre lekòl yo, sou baz lekòl pa lekòl. Nou pral bay plis detay nan pwochen mizajou nou an pou fanmi yo. Epi tou n ap limite aksè paran yo nan lekòl yo otòn sa a pou nou redwi kantite endividi ki andedan bilding nou yo. Si w bezwen antre andedan bilding lekòl pitit ou, fòk ou kowòdone avèk dirijan lekòl ou ak/oswa pwofesè lekòl yo.

Mèsi pou kolaborasyon kontinye w. N ap konte sou tout elèv nou yo retounen andedan lekòl nou yo, pare pou yon lòt ane aprantisaj. Mwen swete nou byen pase dènye konbyen semèn ete yo. Nou pa ka tann pou nou wè w an septanm!

Nan inite,



Dr. Brenda Cassellius
Sipèentendant